

BAB V KACINDEKAN JEUNG SARAN

Dina ieu bab baris dipedar ngeunaan 1) kacindekan hasil panalungtikan jeung 2) saran-saran nu tumali jeung hasil panalungtikan.

5.1. Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung deskripsi data korélasi antara pangaweruh jeung kamampuh nyusun kalimah salancar jembar siswa kelas IX SMP Negeri 20 Kota Bandung, aya sababaraha hal anu bisa dicindekkeun.

1) Tahap Pangaweruh Kalimah Salancar Jembar

Tahap pangaweruh siswa kelas IX-F SMP Negeri 20 Kota Bandung ngeunaan ciri jeung adegan kalimah salancar jembar aya dina tahap sedeng. Rata-rata peunteun tes pangaweruh kalimah salancar jembar kelas IX-F téh $\bar{X} = 6.44 \approx 6$. Leuwih jéntréna, deskripsi tingkat pangaweruh siswa kelas IX-F téh diwincik saperti kieu: siswa anu teu muncul pangaweruhna aya 2 urang (4.7%), siswa dina tahap goreng aya 2 urang (4.7%), siswa dina tahap kurang pisan aya dua urang (4.7%), siswa dina tahap kurang aya 2 urang (4.7%), siswa dina tahap rada sedeng aya 5 urang (11.4%), siswa dina tahap sedeng aya 6 orang (14%), siswa dina tahap cukup aya 7 urang (16.3%), siswa dina tahap hadé aya 4 urang (9.3%), sarta siswa dina tahap hadé pisan aya 13 urang (30.2%).

Dumasar kana hasil panalungtikan bisa dicindekeun yén anu lulus dina tahap pangaweruh aya 30 urang (69.8%), jeung anu dianggap can lulus tés pangaweruh aya 13 urang (30.2%).

2) Tahap Kamampuh Nyusun Kalimah Salancar Jembar

Tahap kamampuh nyusun kalimah salancar jembar siswa kelas IX-F SMP Negeri 20 Kota Bandung aya dina tahap sedeng. Rata-rata peunteun tés kamampuh nyusun kalimah salancar jembar kelas ieu téh $\bar{Y} = 4.4 \approx 4$. Leuwih jéntréna, déskripsi tingkat kamampuh nyusun kalimah salancar jembar siswa kelas IX-F téh diwincik saperti kieu: siswa anu teu rancun pangaweruhna aya 3 urang (7%), siswa dina tahap goreng pisan aya saurang (2.3%), siswa dina tahap goréng aya 3 urang (7%), siswa dina tahap kurang pisan aya 5 urang (11.6%), siswa dina tahap kurang aya 12 urang (27.9%), siswa dina tahap rada sedeng aya 5 orang (11.6%), siswa dina tahap sedeng aya 8 urang (18.6%), siswa dina tahap cukup aya 2 urang (4.7%), sarta siswa dina tahap hadé aya 4 urang (9.3%).

Dumasar kana wates lulus 60%, siswa SMP Negeri 20 Kota Bandung kelas IX-F anu geus mampuh dina nyusun kalimah salancar jembar aya 14 urang (32.6%) sarta anu can mampuh nyusun kalimah salancar jembar kalawan bener aya 29 urang (67.4%).

3) Korelasi Antara Pangaweruh jeung Kamampuh Nyusun Kalimah Salancar Jembar

Korélasi antara pangaweruh jeung kamampuh nyusun kalimah salancar jembar siswa SMP Negeri 20 Kota Bandung kelas IX-F, kapanggih harga $r_{xy} = 0.4$. Hartina korélasina cukup jeung pcsitif sarta signifikan.

5.2 Saran-saran

Dumasar ieu panaluntikan, pikeun ngaronjatkeun pangaweruh jeung kamampuh nyusun kalimah salancar jembar siswa kelas IX SMP Negeri 20 Kota Bandung, aya sawatara saran anu diajukeun di antarana waé:

1) Pikeun Guru Basa Sunda

Dina kanyataan di lapangan, biasana siswa leuwih loba di béré tiori tibatan prakték. Sedengkeun antara pangaweruh jeung kamampuh téh silih ngalengkepan, dina harti porsi dua unsur ieu téh kudu sarua atawa saimbang. Ku kituna dina pangajaran kalimah salancar jembar siswa aplikasina kudu dironjatkeun. Salah sahiji carana nya éta ku jalan loba méré latihan ka siswa dina pangajaran kalimah salancar jembar. Salian ti éta dina ngaronjatkeun pangajaran kalimah salancar jembar, métode pangajaran nu digunakeunna kudu variatif tur teu monoton. Hal ieu perlu diupayakeun sabab ieu pangajaran ngarojong kana kaparigelan nulis séjénna.

2) Pikeun Panalungtik Séjén

Patalina jeung panalungtikan, dipiharep panalungtik basa séjén bisa nalungtik hal nu sarua leuwih komprehénsip tur leuwih lega ambahanna.

